QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30
web-site: http://kkedu.uz,e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

«05» Апрель 2021 j. 01-01/01-9-1683 - sanlı

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесине**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги "Билим" баспасы директоры М.Нызановтың 2021-жыл 24-марттағы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығы М.Камалов атына жоллаған 73-санлы хаты бойынша төмендегилерди мәлим етип билдиреди.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 26-февралдағы "Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайы жумысын жәнеде жетилистириў ис-иләжлары ҳаққында"ғы 108-санлы Қарарына муўапық Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республика билимлендириў орайына төмендеги ўазыйпалар жүклетилген:

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң буйыртпасы тийкарында сабаклық дүзиўшилерди таңлаў ҳәмде сабақлықлар, оқытыўшылар ушын методик қолланбалардың макетин жаратыў, жаратылған сабақлықлар ҳәм оқытыўшылар ушын методик қолланбаларды экспертизадан өткериў, билимлендириў системасында қоллаў бойынша жуўмақ бериў, улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын сабақлықлар ҳәм оқыў методик топламларды жаратыў, экспертизадан өткериў, пикир бериў ҳәмде эксперт ҳәм пикир бериўшилерге ҳақы төлеў белгиленген.

Ҳақы төлеў қәрежетлери Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы бюджетден тыскары Республикалық китап фонды бюджети ҳәм айланба қәрежетлер есабынан Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайы ушын ашылған арнаўлы жеке есап бетлери арқалы қаржыландырыўы көрсетип өтилген.

"Билим" баспасы директоры М.Нызановқа министрликтиң 2021-жыл 1-апрельдеги 01-01/9-01-1581-санлы хаты менен жуўап берилди.

Жоқарыдағыларды есапқа ала отырып, "Билим" баспасы тәрепинен таярланған аўдармашылардың дизими Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайына усыныс етиўи мақсетке муўапық екенлиги мәлим етип билдирилди.

(хат нусқасы қоса тигиледи)

**Министр** **Р.Реимов**

Орынлаўшы: Ф.Калхназаров
Тел: 222-24-64

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30
web-site: http://kkedu.uz,e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

«01» Апрель 2021 j. 01-01/9-01-1581 - sanlı

**Қарақалпақстан Республикасы**
**"Билим" баспасы директоры**
**М.Нызановқа**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизиң 2021-жыл 24-марттағы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығы М.Камалов атына жоллаған 73-санлы хатыңыз бойынша төмендегилерди мәлим етип билдиремиз:

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 26-февралдағы "Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайы жумысын жәнеде жетилистириў ис-иләжлары ҳаққында"ғы 108-санлы қарарына муўапық Республикалық Билимлендириў орайына Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң буйыртпасы тийкарында сабақлық дүзиўшилерин таңлаў, сабақлық ҳәм методикалық қолланбалардың жеке макетин жаратыў, жаратылған түп нусқа ҳәм аўдарма нусқалардағы сабақлықлар, методикалық қолланбаларды экспертизадан өткериў, оларды билимлендириў системасында пайдаланыў бойынша жуўмақ бериў ҳәмде эксперт ҳәм пикир бериўшилерге ҳақы төлеў ўазыйпалары жүклетилген.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық Билимлендириў орайының тапсырмасына муўапық 2021-2022-оқыў жылы ушын оқыў қарақалпақ тилинде алып барылатуғын мектеплер ушын басып шығарыў режелестирилген сабақлық ҳәм оқыў-методикалық қолланбалардың түп нусқа ҳәм аўдарма сабақлықларын Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық оқыў-методикалық орайы тәрепинен дүзилген экспертлер (жоқары оқыў орны ҳәм тәжирийбели мектеп муғаллимлериниң қурамында дүзилген) топары тәрепинен қайта көрип шығылғаннан кейин, кәте-кемшиликлери дүзетилип ҳәм экспертлер топары тәрепинен берилген жуўмақ тийкарында, Республикалық оқыў методикалық орайы рухсаты менен баспаға басып шығарыў белгиленди.

Жоқарыдағыларды есапқа ала отырып, "Билим" баспасы тәрепинен сабақлық аўдармашыларының дизимин Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайына усыныс етиўиңиз мақсетке муўапық екенлигин мәлим етип билдиремиз.

**Министр** **Р.Реимов**

Орынлаўшы: Ф.Калхназаров
Тел: 222-24-64